



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 600 MILYON DOLA NAN SUBVANSYON KI DISPONIB POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO AK REZISTANS TOUPATOU NAN ETA A, PREZANTE NOUVO AGENDA REZISTANS NEW YORK LA

Gouvènè a pwopoze yon lòt 1 milya dola ki dwe ajoute pou rebatize "Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la"

Yon lòt 10 milyon dola pou ede minisipalite yo planifye amelyorasyon enfrastrikti dlo ize, diminye risk, epi redwi echèk nan sistèm lan; 5 milyon dola anplis pou pwojè inovasyon vèt

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse disponiblite 600 milyon dola nan kominote yo toupatou na eta a atravè Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA), Pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP), ak pwogram Sibvansyon Entèmisipal (Intermunicipal Grant, IMG) pou finanse pwojè pou amelyore enfrastrikti ak fè kominote yo pi rezistan kont inondasyon ak lòt enpak tanpèt grav ak evènman move tan akoz klima a. Sibvansyon sa yo pral bay finansman pou pwojè enfrastrikti dlo ki ogmante rezistans kominotè kont inondasyon epi ki enpòtan pou pwoteje sante piblik la ak anviwonman an. Anplis de sa, Pwogram Jesyon Aktif Travay Tretman Piblik la pral fè 10 milyon dola disponib pou etabli pwogram jesyon byen ki pral ede minisipalite yo kontwole, pwoteje, ak planifye modènizasyon amelyorasyon yon fason responsab pou sistèm enfrastrikti dlo ize yo, gratis. Yon lòt 5 milyon nan finansman sibvansyon Pwogram Sibvansyon Inovasyon Vèt (Green Innovation Grant Program) pral disponib pou kominote yo pou enfrastrikti vèt pou adrese dlo lapli, ak efikasite dlo ak enèji. Yo prevwa ke djòb nan fabrikasyon, enjenyeri, konstriksyon, operasyon izin ak sektè endistri ki gen rapò ak yo pral kreye finansman piblik apre enjeksyon masiv sa a.

Gouvènè Hochul ap mande ajans Eta yo pou travay ansanm pou akselere kapasite Eta a pou investi nan pwojè enfrastrikti vèt ki enpòtan, ak pwopoze pou rebatize "Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt" pou rekonèt ijans nan investisman nan lwa sou obligasyon an, ak travay ak lejislati a pou asire ke pwopozisyon sa a, ak Fon pou Pwoteksyon Anviwonmantal (Environmental Protection Fund, EPF), Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp ak depans Ajans Anviwonmantal yo estriktire kòmsadwa pou avanse ajanda rezistans Eta a pou pwoteje Nouyòkè yo ak anviwonman an. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse ke li pral pwopoze yon ogmantasyon 1 milya dola nan "Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la", ki pral awondi total li a 4 milya dola.

"Li enpòtan pou kominote yo gen resous finansye pou avanse pwojè ki pare pou demare k ap mete moun yo nan travay. Efò sa yo pral amelyore enfrastrikti nou yo pou fè kominote nou yo pi rezistan kont inondasyon ak lòt enpak klimatik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman yo te anonse jodi a pral kreye djòb ak avanse pwojè amelyorasyon kalite dlo ki esansyèl nan tout eta a ki pral asire ke yo pwoteje sistèm dlo piblik nou epi nou pi byen prepare pou klima nou k ap chanje. Asire distribisyon dlo potab san danje ak enpòtan pou sante ak byennèt tout Nouyòkè yo epi mete ajou enfrastrikti dlo a se yon eleman kle pou reyalize sa. Sepandan, New York dwe fè pi gwo investisman menm nan pwojè enfrastrikti enpòtan sa yo, se pou rezon sa mwen pral pwopoze yon lòt 1 milya dola pou ajoute nan "Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt" la. Kòm eta nou an ap prepare pou nouvo reyalite klimatik nou yo ak ogmante finansman enfrastrikti federal, mwen angaje pou mwen asire ke nou ede kominote nou yo ak kenbe moun ak enfrastrikti nou yo pwoteje."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Prezidan Konsèy Environmental Facilities Corporation (EFC) Ian, Basil Seggos, te deklare, "Dènye tanpèt Henri ak Ida te defye enfrastrikti dlo ize minisipal jan li pa janm fè anvan, sa ki souliye nesese ijans pou ranfòse enfrastrikti aje New York la. Swit apre tanpèt sa yo, Gouvènè Hochul te sou tèren an nan kèk nan kominote ki te pi frape yo e li te wè domaj la pèsònèlman. Resous enpòtan ki enkli nan anons jodi a souliye angajman Gouvènè a pou ede asire tout kominote nou yo gen resous ak zouti ki nesese pou avanse solisyon dirab ak sistèm ki plis rezistan ki pare pou pwoteje apwovizyonman dlo, amelyore enfrastrikti aje, epi pou yo pi byen prepare pou reziste kont pwochen tanpèt grav."

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Pandan moman kriz klima ekstrèm yo, li pi enpòtan pase anvan pou asire aksè ak dlo potab ki san danje epi fyab ak estrateji pou panse alavni pou konsolide sistèm ki demode yo. Kòm regilatè pou gwo rezo sistèm dlo potab piblik New York la - anpil nan yo aje - Depatman Sante (Department of Health, DOH) a espere travay avèk Gouvènè Hochul pou kontinye priyorize finansman pou pwojè enfrastrikti enpòtan sa yo nan kominote yo nan tout eta a."

Vis Prezidan Prensipal ak Prezidan Direktè Jeneral Environmental Facilities Corporation Ian, COO Molly Larkin, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ak lè valè pou priyorize investisman nan enfrastrikti dlo pandan ke sistèm nan Eta New York Manman Lanati ak laj avanse ap kontinye teste yo. Li konprann enpòtan ki genyen nan konbine finansman abòdab ak pwosesis planifikasyon enpòtan ki ede asire siksè pwojè enfrastrikti yo. Demenajman travayè soti nan anviwònman biwo yo rive nan kay yo ki gen rapò ak COVID, mete presyon san parèy ak inatandi sou dlo potab rezidansyèl ak sou sistèm dlo ize yo ki mete aksan sou bezwen pou kenbe ak amelyore sistèm yo."

Direktè Egzekitif Pwotektè Dlo Buffalo Niagara a, Jill Jedlicka, te deklare, "New York se yon Eta ki gen Gwo Lak, e sante ak pwoteksyon pi gwo sistèm dlo dous nan mond lan ta dwe yon pi gwo priyorite pou kominote nou yo ak ekonomi an. Angajman

Gouvènè Hochul pou resous dlo ak anviwònman eta nou an se egzakteman kalite lidèchip nou bezwen pou asire rezistans klimatik ak akselere envestisman ki nesèsè nan enfrastrikti dlo ak egou aje nou yo, patikilyèman nan Rejyon Lwès New York. Pwoteksyon resous anviwònmantal ak dlo se pa yon liks, men gen yon envestisman enpòtan ki nesèsè pou pwoteksyon dlo potab, ekosistèm, ak kominote sou litoral nou yo. Nou aplodi Gouvènè a poutèt vizyon solid li."

Jessica Ottney Mahar, ki se Direktè Politik ak Estrateji pou The Nature

Conservancy nan New York la, te deklare, "The Nature Conservancy bat bravo pou anons Gouvènè Hochul la jodi a pou deplwaye 600 milyon dola nan finansman ki nesèsè anpil pou pwoteje dlo pwòp nan kominote yo atravè New York. Lajan sa a pral modènize enfrastrikti, pwoteje dlo potab pwòp, epi anpeche polisyon rive nan lak nou yo, rivyè yo, ak kouran dlo yo pandan y ap sipòte bon jan travay lokal. Pwopozisyon Gouvènè a pou ogmante Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal 2022 a yon lòt 1 milya dola pou totalize yon montan rekò ki 4 milya dola pral pèmèt plis kominote adrese defi n ap fè fas li ki soti nan rechofman global la, ki gen ladan tanpèt ak move tan ki pi danjere pi souvan. Nature Conservancy ap tann ak enpasyans pou travay avèk Gouvènè Hochul, ajans eta yo, ak lejislati a pou pwoteje anviwònman nou an, kreye djòb, epi adopte Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal la nan mwa novanm k ap vini an."

Julie Tighe, Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York (New York League of Conservation Voters) te deklare,

"Imedyatman anvan Climate Week NYC a, nou kontan anpil pou wè Gouvènè Kathy Hochul priyore anviwònman an epi anonse envestisman adisyonèl ki pral kreye yon New York ki pi pwòp ak an sante. Anons jodi a pou fè 600 milyon dola nan envestisman enfrastrikti dlo disponib se sa nou bezwen kounye a. Men, nou konnen li pa ase, ki se poukisa nou kontan anpil paske Gouvènè a ap pwopoze yon 1 milya dola adisyonèl pou adrese enpak klimatik ak chanje non 'Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la.' Nou pral kapab netwaye dlo nou an, goumen kont chanjman klimatik ak kreye travay vèt. Avèk kriz klimatik la k ap papòt nou, sa yo se egzakteman mezi solid ke nou bezwen wè nan men ofisyèl eli nou yo."

Direktè Politik pou Audubon New York, Erin McGrath, te deklare, "Zwazo yo ap di nou ke nou nan yon ijans klimatik epi li ap fè ravaj sou kominote nou yo, tè nou yo, ak dlo nou yo. Envestisman nan konsèvasyon ak restorasyon nan anviwònman nou yo pi enpòtan kounye a pase anvan, epi finansman ogmante pou enfrastrikti dlo pwòp ak rezistans klimatik - ki gen ladan solisyon enpòtan ki baze sou nati restore ak amelyore marekaj ak marè sale yo - pral bay sipò dirèk nan kominote yo ki eksperimante enpak chanjman klimatik la. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi fyab pou adrese menas sa yo epi komèt finansman ogmante pou pwoteje kote zwazo yo ak moun yo rele lakay yo."

Adrienne Esposito, Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment), te deklare, "Nou kontan ke finansman solid kontinyèl pou enfrastrikti dlo pwòp yo pral yon karakteristik nan administrasyon Gouvènè Hochul la! Finansman enpòtan sa a bay dlo potab ki pwòp epi abòdab, pwoteje sante piblik la,

ak kondwi devlopman ekonomik. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske l ap avanse ak sibvansyon ki pèmèt kominote yo anpeche debòdman dlo egou danjere yo, retire kontaminan emèjan nan dlo potab yo, ak kreye de milye travay. Pwogram sa yo lajman sipòte pa kominote yo atravè New York ki vle epi ki bezwen dlo pwòp."

Pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (WQIP) a se yon pwogram sibvansyon DEC ki finanse pwojè ki dirèkteman adrese degradasyon kalite dlo dokimante oswa pwoteje yon sous dlo potab. Kòm yon pati nan Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta (EPF) a, pwojè [WQIP](#) yo amelyore kalite dlo, diminye potansyèl pwoliferasyon alg ki danjere yo (harmful algal blooms (HABs), ak pwoteje dlo potab piblik nan tout eta a. Inisyativ la gen ladan pwojè akizisyon tè pou pwoteksyon dlo sous, amelyorasyon tretman dlo ize minisipal yo, rediksyon ak kontwòl sous difiz non-agrikòl, depo sèl, ak restorasyon abita akwatik, pou site sa yo sèlman.

Environmental Facilities Corporation (EFC) pral administre pwogram WIIA ak IMG yo pou bay sibvansyon pou dlo ize ak pwojè dlo potab yo, travay sere ak Depatman Sante ak Konsèvasyon Anviwònmanal. Pwogram yo priyorize pwojè tretman dlo egou ki amelyore kalite dlo ak pwojè dlo potab ki adrese priyorite sante piblik, kontaminan emèjan epi ankouraje gouvènman lokal yo pou yo travay ansanm sou solisyon rejyonal yo.

Depi kòmansman pwogram WIIA an 2015, Eta te debloke plis pase 1 milya dola nan sibvansyon dlo pwòp ak dlo potab atravè EFC, ki gen ladan plis pase 300 milyon nan sibvansyon an 2019.

Inite lokal gouvènman an yo elijib pou aplike pou finansman pou:

- Prim sibvansyon WIIA pral finanse jiska 25% nan pri total yon pwojè dlo potab ki elijib, jiska 25 milyon dola a.
- Prim sibvansyon WIIA pral finanse jiska 60% nan pri total yon pwojè dlo potab ki elijib, jiska 3 milyon dola a.
- Prim sibvansyon IMG pral finanse jiska 40% nan yon pwojè dlo ize oswa dlo potab ki elijib pou kominote ki pataje sèvis yo, jiska 30 milyon dola a.
- Prim EC pou pwojè ki adrese kontaminan emèjan yo ki pi wo pase Nivo Kontaminan Maksimòm (Maximum Contaminant Level, MCL) Eta detèmine pral finanse 60% nan depans nèt pwojè ki elijib yo.
- Prim sibvansyon WQIP ki pral pwoteje sous dlo potab yo.
- Kominote yo ka aprann plis sou finansman sousit entènèt [EFC a](#) ak [DEC la](#).

Pwogram Jesyon Aktif Travay Tretman Piblik

10 milyon pral disponib pou pwogram jesyon byen ki pral ede minisipalite yo kontwòle, pwoteje ak planifye modènizasyon amelyorasyon pou enstalasyon enfrastruktir dlo ize yo, gratis. Pwogram nan tout eta a pral pran yon apwòch pwo-aktif nan jesyon enstalasyon tretman dlo ize nan bay sèvis konsiltan enjenyeri pou lojisyèl ak fòmasyon teknik pou gouvènman lokal yo pou katografye sistèm dlo egou yo ak sistèm dlo ize lè yo sèvi avèk zouti dijital modèn. Sèvis konsiltasyon yo pral ede tou minisipalite yo pou fè envantè

aktif dlo ize yo epi pou idantifye feblès nan sistèm aktyèl pou ankouraje reparasyon anvan yon fay rive nan sistèm lan. Kapasite pou minimize reparasyon ijans ki koute chè epi anpeche deranjman sèvis yo pral ede pwoteje sante piblik ak anviwònman an nan diminye menas polasyon an. Environmental Facilities Corporation (EFC) Eta New York la pral administre pwogram lan an patenarya ak DEC, ki gen siveyans regilasyon enstalasyon dlo ize yo.

Pwogram jesyon aktif la baze sou yon pwojè pilòt ki fè siksè ki koute 3 milyon dola ke DEC ak EFC administre epi ki fini an 2021 ki te ede 10 gouvènman lokal nan tout eta a fè envantè aktif dlo ize yo, idantifye risk pou enfrastrikti dlo ize yo epi detèmine solisyon tanjib ki rantab pou adrese pwoblèm yo. Yo estime ke gen jiska 50 kominote ki pral sèvi nan faz k ap vini an nan pwogram sa a.

Yo pral pibliye yon deman pou Kalifikasyon (Request for Qualifications, RFQ) nan semèn k ap vini yo pou mande sèvis enjenyeri pwofesyonèl ki pral pèmèt EFC ak DEC anboche enjenyè konsiltan yo. Enjenyè yo pral travay avèk kominote yo pou devlope pwogram jesyon aktif ki espesifik ak sit yo, epi kominote yo pral resevwa tou lojisyèl ak fòmasyon pou kenbe pwogram yo pou kont yo. Yo prevwa ke kominote yo pral kapab aplike pou pwogram lan nan kòmansman 2022.

Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Vèt 20 milyon dola a

Pwogram sa a gen ladan yon lòt 5 milyon dola anplis ke yo dwe bay ki soti nan aplikasyon yo soumèt yo ki kounye a anba revizyon EFC. Pwogram Sibvansyon Inovasyon Vèt la (Green Innovation Grant Program, GIGP) sipòte pwojè toupatou nan Eta New York ki itilize konsepsyon enfrastrikti dlo lapli inik ak kreye teknoloji vèt dènnye kri. Sibvansyon konpetitif yo chak ane nan pwojè ki amelyore kalite dlo ak redwi efè chanjman klimatik la atravè aplikasyon youn oswa plis nan pratik vèt sa yo ki gen ladan efè enfrastrikti vèt pou dlo lapli, efikasite enèjetik, ak efikasite an matyè dlo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)